# ИРОН ÆВЗАГ ÆМÆ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ БОН

# БÆРÆГБОНЫ СЦЕНАРИ ЦÆТТÆГÆНÆН

# КЪОРДЫ САБИТÆН




Хъомылгæнæг: Дзгойты Зæлинæ

*Зал бæрæгбонхуыз фæлыст, хъуысы ирон фæндырдзагъд.*
*Фанфартæ, рацыд бæрæгбоны амонæг.*

**Амонæг:** - Фарн уæм бадзурæд, нæ зынаргъ уазджытæ æмæ ныййарджытæ!

- Абон мах нæ рæвдауæндоны бæрæг кæнæм ирон æвзаг æмæ литературæйы бон.

- Алы адæймагæн дæр æрдзæй лæвæрд вæййы иу æвзаг, хонæм æй мадæлон.

- Цымæ искуы нæ хъомысджын, сæрыстыр рагфыдæлтæ се́взаг фесафыныл хъуыды дæр акодтой? Нæ зонын, фæлæ абон махæн, сæ фæдонтæн – уый у нæ катай, нæ сагъæс. Уымæн æмæ æвзаг нацийы бындур у. Йе ́взаг чи сафы, уый сафы йæ адæмон, йæ национ дзинад дæр. Æнæ æвзаг наци нæй, æмæ йæ наци фесафын та кæй фæнды?

- Нæ мадæлон æвзаг цæмæй бахъахъхъæнæм, уый бирæ аразгæ у бинонтæй. Нæ фыдæлтæ нæм мингай азты сæрты рæсугъдæй цы мадæлон æвзаг æрхæццæ кодтой, уый хъуамæ кæстæртæ дæр дарддæр царды рæсугъдæй хæссой, сæрыстыр дзы уой æмæ цæстыгагуыйау хъахъхъæной нæ удварны хæзнатæ, нæ рæсугъд æгъдæуттæ æмæ традицитæ.

- Ирон æвзаджы бон. Ацы бон цыма Ирыстоны йæ ирон цæсгом тынгдæр разыны, йæ ирон зæрдæ парахатдæрæй раргом вæййы, ахæм æнкъарæнтæ сæвзæры адæймагмæ. Ирон адæммæ бирæ кадджын бæрæгбæттæ ис. Алы бæрæгбонмæ дæр нæхи фæцæттæ кæнæм зæрдиагæй. Фæлæ нын Ирон æвзаджы бон хъуамæ суа нæ кадджындæр бæрæгбæттæй иу.

- Ныр та рæстæг æрхæццæ æмæ æз зæрдиагæй хонын нæ бæрæгбоны сæйраг архайджытæм. Сабитæ, уæ хорзæхæй!

*Ирон фæндырдзагъдмæ сабитæ æрбахызтысты залмæ,*
*æрлæууыдысты æрдæгзылдæй, дзурынц æмдзæвгætæ:*

Сты зондæн уацхæссæг æппæт дунейы ´взæгтæ,
Нæ дзы ´взæры хæстæг æмæ дæрддаг,
Фæлæ ныххойыс зæрдæйы къæсæртæ
Æрмæстдæр ды, мæ мадæлон æвзаг.

Ды незаманæй ацы боны онг
Нæ фесæфтай дæ УАЗ хъæлæс, дæ намыс,
Æнус-æнус  дæ сыгъдæг уды конд
Цырен арт æмæ карды комыл  бахсыст.

Куыд хъæздыг у ирон æвзаджы суадон!
Нæ байсысдзæн æнустæмдæр йæ цад.
«Ирон фæндыр» - нæ зондамонæг фаззон,
Хæссы сæрибар, амонд æмæ цард.

Нæртон æвзаг – нæ хæхты хуызæн рагон,
Ныййарæг мадау, ды мæнæн зынаргъ.
Къостайы фæдзæхст ма рох кæнут абон,
Æххæст кæнут йæ бæллицтæ сымах!

Ирон дæн æз, æз дзурдзынæн  иронау !
Зынаргъ мын у мæ мадæлон æвзаг!
Мæйдар æхсæв  нын рухс уыдзæнис бонау,-
Ирон æвзаг, ирон фарнæй у дзаг.

Ирон ӕвзаг –мӕ уды цин цырагъ у,

Ирон ӕвзаг-цыкурайы фӕрдыг.

Ӕвзӕгтӕ зонын зӕрдӕтӕм фӕндаг у,

Ӕнустӕм у ӕнӕцудгӕ мӕсыг.

Ирон ӕвзаг,сӕууон хуры ыскаст у,

Мӕ авдӕнмӕ йӕ зӕлтӕ хъуыстон ӕз

Мӕнӕн,мӕнӕн-ныййарӕгау зынаргъ у,

Фыдӕлты фарн ӕнусты сӕрты хӕсс.

Ирон ӕвзаг-мӕ зӕрдӕйы, мӕ туджы,

Ирон ӕвзаг мӕ базырджын кӕны.

Куыд нӕ фӕцуда Иры фарн нӕ дуджы,

Цӕсты гагуыйау – хъахъхъӕнинаг ды!

- Бузныг, мӕ хуртӕ! Ныр ӕрбадут уӕ бынӕтты.

- Зӕгъут-ма, сабитӕ, Ирыстон махӕн цы у? *(нӕ райгуырӕн зӕхх, нӕ Фыдыбӕстӕ)*

- Иттӕг раст стут! Мах стӕм ирӕттӕ. Ӕмӕ нын нӕй фӕцӕрӕн ӕнӕ Ирыстоны урссӕр хӕхтӕ ӕмӕ цъӕх быдыртӕ, йӕ дидинӕгкалгӕ уыгӕрдӕнтӕ ӕмӕ ӕлутоны ад чи кӕны, уыцы хӕххон суадӕттӕ.

Нӕ фӕцӕрин ӕнӕ Ир ӕз кӕмдӕр…
Ӕнӕ ирон дзырд баргъӕфсин ӕз – бамыр.
Кӕд ´гас дуне нӕ авдӕн у, уӕддӕр
Ӕрмӕстдӕр Иры удӕнцой ӕз арын!

- Ныртæккæ нын Кристинæ азардзæн, куыд тынг уарзæм мах нæ райгуырæн зæхх, уый тыххæй.

***Зарæг «Райгуырæн зæхх»***

- Агындæ та нын бакæсдзæн æмдзæвгæ «Фыдыбæстæ».

**Фыдыбæстæ**

Æз нырма гыццыл дæн,
Ард хæрын нæ зонын.
Райгуырæн бæстæйы
Æз мæ мад куы хонын.

Райгуырæн, мæнæн ды
Алкæддæр зынаргъ дæ,
Амонды фæндагыл
Ды мæнæн цырагъ дæ.

Ис мæнæн æфсымæр -
Лæпутæн сæ хуыздæр.
Уыййау дыл æнусмæ
Бабастон мæ зæрдæ.

Ис мæнæн æвзонг хо,
Уыййау мын рæсугъд дæ.
Ме’стъалы дæ хонын,
Ме’стыр цин, мæ уд дæ.

Æз нырма гыццыл дæн,
Ард хæрын нæ зонын.
Райгуырæн бæстæйы
Æз мæ фыд куы хонын…

**Амонæг: -** Сабитæ, зæгъут ма, кæд бæрæг кæнынц ирон æвзаг æмæ литературайы бон? *(15 майы)*

- Раст зæгъут. Фæлæ, цымæ цæмæн вæййы æнæмæнг уыцы бон? 15 майы 1899 азы мыхуыры рацыд нæ номдзыд поэт, фыссæг, нывгæнæг æмæ ма бирæ æндæр курдиатты хицау, Ирыстоны уарзондæр хъæбул, Хетæгкаты Къостайы æнæмæлгæ чиныг «Ирон фæндыр». Сæдæ азы фæстæ та нæ республикæйы хицауад рахаста уынаффæ, 15 май куыд суа ирон æвзаг æмæ литературæйы бæрæгбон. Уымæн æмæ уыцы чиныгæй райдыдта ирон аивадон литературæ.

- Æвæдза, ирон адæм тынг амондджын сты, уымæн æмæ сын ис Къоста. Къоста скадджын кодта ирон адæмы ном, сыгъзæрин дамгъæтæй йæ ныффыста Кады тырысайыл. Æмæ махæй æнамонддæр ничи уыдзæн, искуы уыцы тырыса дæлæмæ куы æруадзæм, уæд!

- Табуафси, сабитæ, азарут уæ зарæг Хетæгкаты Къостайы номыл.

***Зарæг «Зарæм мах дæуыл, Къоста»***

**Амонæг: -** Ныр та байхъусæм æмдзæвгæмæ. Кæсынц æй Амина æмæ Эля.

Фæрæдийын æнцон у царды,
Зындæр у тулын царды цалх.
Гыццылæй бакусут уæ кадыл,
Цæмæй уын стырæй скæной аргъ.

Уæ мадæлон æвзагыл комут
Сыгъдæг дзурын æмæ кæсын.
Кæмдæриддæр цæргæйæ зонут
Ироны ном фæрнæй хæссын!

**Амонæг:** Ирон зыланг ныхас, дæу айс мæнæй,

Уæд баззаин къуырма æмæ куырмæй.

Нæ арв, нæ зæххæн нал уынин сæ хуызтæ,

Æнæ дæу мын мæ къæхтыл ацæуæн дæр нæй!

- О, уый æцæгæй дæр афтæ у. Фæлæ бирæты хъуыдымæ гæсгæ та ирон æвзаг ардыгæй Елхотмæ, стæй нал хъæуы. Ууыл хъуыды кæнгæйæ, уæ хозæхæй, бакæсут ма.

**Сценкæ «Афтек агурын»**

Зæронд ус рацæуы йæ къухы гæххæтты гæбаз, кæсы йæм æмæ цыдæр агуры.

**Зæронд ус:** - Мæ хæдзарыл! Кæм æй агурон? Стæй цы æлхæнын, уый дæр куы нæ зонын. Уæдæ æнæахуырæй æвзæрдæр исты ис? Цы зæгъон мæ рæстæгæн?! Скъолайы дуарæй никуы бакастæн, стæй уæд мæ кæстæр хомæ та чи кастаид. Мæ мад куынæ бакуыстаид, уæд та æххормагæй мардаиккам. Уæртæ уыцы лæппуйы куы афæрсин. Хорз лæппу! Дæ бон хорз!

*Лæппу нæ хъусы, йæ хъусты къæрмæджытæ, йæ къухы та телефон, афтæмæй йæхинымæр кафы йе уæхсджытæй.*

**Зæронд ус:** - Дæумæ дзурын лæппу! *(æвналы йæм)* - Нæ мæ хъусыс? Æви ирон нæ дæ?

**Лæппу:** *(исы йæ къæрмæджытæ)* – Что, бабуля! Я ирон на жонис.

*(фæстæмæ сæ бакодта йæ къæрмæджытæ)*

**Зæронд ус:** *( гæххæт æм дары)* - Мæ фырты фырт рынчын у, æмæ хостæм рацыдтæн горæтмæ. Æркæс ма ацы гæххæтмæ æмæ мын афтек дæр ацамон.

**Лæппу:** - Бабуля! Я же сказал: Нæ жони ирон.

**Зæронд ус:** - Афтек мын уæддæр ацамон.

**Лæппу:** - Афтек - мафтек, я не понимаю. ( иннæрдæм азылд æмæ та йæхицæн кафы)

**Зæронд ус:** - Ай цавæр лæппу дæ? Зæронд адæймаг дæ сæрмæ нæ хæссыс æви?

*( Сæ ныхасмæ лæппуйы мад рауад)*

**Мад:** - Цы дæ хъæуы, мæнæ ус? Кæй агурыс?

**Зæронд ус:** - О-о! Кæдæй-уæдæй ма, ирон горæты ирон ныхас фехъуыстон. Мæнæ ацы лæппу дæ лæппу у?

**Мад:** - Мæн у, мæн, а что из этого?

**Зæронд ус:** - Иу ныхасæн мын дзуапп нæ ратта, æвæццæгæн иронау æцæг не 'мбары, æви мæ хынджылæг кæны?

**Мад:** - Махæн Вовочкæ по-осетински нæ понимать кæны. Притом хæдзары все дзурæм по-русски.

**Зæронд ус:** - Ау! Æмæ уæм æппындæр худинаг нæ кæсы? Ахæм хæрзконд ирон лæппу, æмæ йæ сæрмæ иронау дзурын нæ хæссы.

**Мад:** - Æмæ ирон та кæм хъæуы? Где это надо? Мæнæн Вовчик Мæскуыйы ахуыр кæндзæн.

**Зæронд ус:** - Мæскуы бæргæ хорз у, фæлæ йæхи æвзаг та? Йæ мадæлон æвзаг хъуамæ ма зона?

**Мад:** - Оф! Цы кадджын дæм кæсы ирон æвзаг. Цы нын ныууагътой хорзæй, нæ предкæтæ?

**Зæронд ус:** *(зæхх æрхоста лæдзæгæй)* - Цыт æмæ кадджын æгъдæуттæ, æмæ рæсугъд æвзаг! Кæцыйы хъахъхъæнын нæ зонынц, мæнæ дæу хуызæттæ! Дæ фыртæн дæр ды сæнад кодтай йæ мадæлон æвзаг! Æмæ кæцон у дæ фырт, уый бæрæг дзы нал ис!

**Мад:** - Мæнæ хорз ус, цы дæ хъæуы махæй? Нал нæ ныууадздзынæ абон. Надоела уже! Цы æххуыс дæ хъæуы? Кæннод мне уже домой пора.

**Зæронд ус:** - Дæуæй мæ ницыуал хъæуы! Ирон æвзаджы фæхъау фæу!

**Мад:** - Не поняла!!! Пошли, Вовчик! Ацы деревенщина нæ цалынмæ нæ фæнадта, уæдмæ. *(лæппуйы къухыл фæхæцыд æмæ ацыдысты)*

*Зæронд ус сæ фæстæ кæсгæ баззад йæ сæр батылдта сагъæсхуызæй, стæй уый дæр ацыд.*

**Амонæг:** - Алцыдæр махæн нæхицæй аразгæ у. Нæ мадæлон æвзаг нæ ирон царды бындур у. Мадæлон æвзаг чи нæ зоны, уый мæм саст маргъау кæсы. Цæмæй маргъ арвмæ стæха,у ый тыххæй йын дыууæ фидар базыры хъæуы. Кæй зæгъын æй хъæуы, саст базыримæ дæр цæрдзæни цъиу, фæлæ уый цард у? Уый цард нæу! Уыйау адæймаг дæр. Æнæ мадæлон æвзаг йæ цард къахыр у, йæ уд та – тутт. Цал æвзаджы, дам, зонай, уал адæймаджы дæ.Уый раст у, фæлæ раст у уый дæр, æмæ мадæлон æвзаг у æппæты сæр. Уый у нæ цинты гуырæн, нæ амæндты райдайæн.

- Цæй, уæдæ ныр та не’уæнгтæ иугыццыл аивазæм æмæ нæ тыхтæ дæр бавзарæм. Ахъазæм ирон адæмон хъазтæй лæдджытимæ.

*Сабитæ хъазынц лæдджытимæ хъазтæй.*

**Амонæг:** - Æвзаг у адæмы уд æмæ зонд, йæ кад, йæ сæрыстырдзинад. Махыл вазыгджын хæстæ æвæрд ис кæстæр фæлтæры хъомыл кæныны хъуыддаджы. Бындуронæй ахъуыды кæнын æмбæлы махæй алкæмæндæр, цæмæй бахъахъхъæнæм нæ мадæлон æвзаг, нæ фыдæлты хæзнатæ, сæ традицитæ. Фæзминаг дæнцæгтыл æмæ фæлгонцтыл ахуыр кæнын рæзгæ фæлтæр – уый у нæ сæйраг куыст.

- Ныртæккæ та нын Виленæ æмæ Амага бакæсдзысты æмдзæвгæ. Байхъусæм сæм.

Æз дæн нырма æнахъом саби,
Æз цардмæ худгæйæ кæсын.
Фæлæ ирон дæн – уый æмбарын,
Æмæ мæ сæр бæрзонд хæссын!

Æз дæн Ирыстонæн йæ фидæн,
Йæ сомбон, аразæг, йæ ныфс,
Ирон туг дадзинты æхсиды,
Ды дæр дæ ныфс мæныл хæссыс.

Цæмæй, куы бахъомыл уон райсом –
Дæлæмæ ма´руадзон нæ кад,
Æмæ ирон дзырдæн йæ фарнæн
Кæнон цæрæнбонты лæггад.

Ӕз дæн нырма æнахъом саби,

Ды – хистæр, хоныс мæ «мæ хур»,

Ӕмæ дæ ныфс мæныл кæд дарыс,

Уæд мæм ирон æвзагыл дзур!

**Амонæг: -** Нæ уарзон сабитæ! Сымах рæхджы апæррæст кæндзыстут нæ рæвдауæндонæй. Разæй уæм æнхъæлмæ кæсынц скъола, ахуыры тыгъдад æмæ алы зонындзинæдтæ. Нæ зæрдæ уын зæгъы, цæмæй зæрдæргъæвдæй уайат уе' скъоламæ, схизат ахуыры бæрзæндтæм, Ирыстонæн суинаг æмæ фæзминаг хъæбултæ куыд уат! Ахуры быньдур у чиныг. Уарзут чиныг, аргъ ын кæнут æмæ уын уый дæр уæд йæ сусæгдзинæдтæ раргом кæндзæн.

***Зарæг «Уарз дæ чиныг»***

**Амонæг:** - Нæ зынаргъ ныййарджытæ! Сымах абон æвдисæн стут уæ сывæллæттæ иронау иттæг хорз кæй арæхсынц дзурынмæ, æмдзæвгæтæ кæсын æмæ зарынмæ дæр. Фæлæ мах фæнды сбæлвырд кæнын, сымах та куыд зонут уæ мадæлон æвзаг. Уый тыххæй уын мах бацæттæ кодтам цалдæр хæслæвæрды. Уыдоныл сымах хъуамæ æнцонтæй фæтых уат. Фæлæ уал, фыццаджы дæр, фæдих ут дыууæ къордыл. Уымæн уымæ кæндзыстут ерыс.

- Афтæмæй, фыццаг хæслæвæрд. Ӕз дзурдзынæн дзырдтæ. Иу къордæн уырыссагау, иннæмæн та – иронау. Иронау кæмæн зæгъон, уыдон мын дзурдзысты сæ уырыссаг антонимтæ. Уырыссагау кæмæн зæгъон, уыдон мын зæгъдзысты сæ ирон антонимтæ.

**1 къорд:** **Большой** – ***гыццыл***

**Высокий** – ***ныллæг***

**Широкий** – ***нарæг***

**Светлый** – ***тар***

**Белый** – ***сау***

**Разговорчивый** – ***мадзура***

**Лентяй** – ***кусаг***

**Внизу** – ***уæлейы***

**Мягкий** – ***хъæбæр***

**Начало** – ***кæрон***

**2 къорд:** **Куырм –** ***зрячий***

**Ацæуын –** ***прийти***

**Хуылыдз –** ***сухой***

**Даргъ –** ***короткий***

**Фыццаг –** ***последний***

**Дзурын –** ***молчать***

**Зилын –** ***прямой***

**Худын –** ***плакать, грустить***

**Хъæрæй –** ***тихо***

**Уæззау –** ***лæгкий***

**Амонæг:** - Тынг хорз сарæхстыстут. Ныр та дыккаг хæслæвæрд. Æз уын æвдисдзынæн нымæцонтæ. Сымах мын сæ хъуамæ иронау зæгъат. Фыццаг бакастæй ацы хæслæвæрды зынæй ницы ис, фæлæ уыцы нымæцонтæй мах не᾿рвылбоны царды иронау æппындæр нал пайда кæнæм. Уырыссагау зæгъын нын, бæгуыдæр, æнцондæр у. Фæлæ бафæлварæм нæхи.

1. **567 833** – ***фондзсæдæ æхсай авд мины астсæдæ æртын æртæ***
2. **982 444** – ***фарастсæдæ æстай дыууæ мины цыппарсæдæ цыппор цыппар***

1. **1 087 396** – ***иу милуан æстай авд мины æртæсæдæ нæуæдз æхсæз***
2. **16 879 619** – ***æхсæрдæс милуаны астсæдæ æвдай фараст мины æхсæзсæдæ нудæс***

1. **13, 58** – ***æртындæс æнæхъæн фæндзай аст сæдæйæм хайы***
2. **0, 1** – ***ноль æнæхъæны иу дæсæм хайы***

1. **78, 319** – ***æвдай аст æнæхъæны æртæсæдæ нудæс минæм хайы***
2. **400 999 000 004** – ***цыппарсæдæ миллиарды фарастсæдæ нæуæдз фараст милуаны цыппар***

**Амонæг:** - Æмæ нæ фæстаг хæслæвæд. Æз дзурдзынæн дзырдты æмбарынгæнæнтæ. Сымах мын сæ хъуамæ зæгъат, цы дзырдтæ сты, уый. Зæгъæм: хохæй дендджызмæ цы кæлы, уый цы у? *(цæугæдон)*

1. ***Далыс*** – ***афæдз кæуыл рацыд, ахæм уæрыкк.***
2. ***Уысм*** – ***рæстæджы цыбыр скъуыддзаг, абарынц ма йæ цæсты фæныкъуылдимæ.***

1. ***Быхсын* – исты цауæн фæразын, бирæ рæстæг æй ницæмæ дарын.**
2. ***Малусæг* – тæккæ фыццаг уалдзыгон дидинæг.**

1. ***Дæлимон* – мифологон цæрæгой, адæмæн знаггад чи хæссы, ахæм.**
2. ***Мæлхъ* – хуссайраг паддзахæдты цæрæг рæсугъд маргъы мыггаг.**

1. ***Ирæд* – чызджы бинонтæн усгуры бинонтæй фиддон.**
2. ***Цагъар* – гуыбыны хардзыл кусæг, ныхасы бар кæмæ нæ хауы, ахæм.**

**Амонæг: -** Иттæг хорз! Фæтых стæм не᾽ппæт хæслæвæрдтыл дæр. Фæуæлахиз и…….. къорд.

- Ныхасы бар та раттæм нæ сабитæн æмæ та байхъусæм æмдзæвгæмæ. Кæсы йæ Ростик.

Бæгуыдæр ирон дæн!

Аланты фæдон дæн.

Уынаффæ мын ма кæнæд чидæр.

Нæ цæрæн зæхх равзæрд

Нæ адæмæй раздæр,-

Æрцард ыл Кавказы нæ Ир дæр.

Ирон лæгæн йе᾽взаг –

Æнусты æрдзон гакк,

Сæр уымæй куы хæссæм бæрзæндты.

Цæрæнбонты сидты,

Тымбыл кафты, симды,

Ирон зарæг, азæл нæ кæмтты!

**Амонæг:** - Байхъусут нæм, буц уазджытæ,

Кæнæм уын хъæлдзæг зарджытæ.

Нæ Иры хуртæй бирæтæ

Сæхи нæ хонынц ирæттæ.

Уарди рæсугъд у – уалдзæджы,

Не 'взаг та аззад сатæджы.

Зæрдæты рухс æм бауадзæм,

Фарнимæ йын кад саразæм.

- Сабитæ, ныртæккæ уын уе᾽мбæлттæ равдисдзысты аргъау иу зæронд бирæгъы тыххæй. Ныййарджытæн та мæ фæнды зæгъын æмæ уыцы аргъауæй нæ сабитæ бацахстой æртыккаг бынат районы конкурс «Иры фидæн»-ы. уæ хорзæхæй, бакæсæм сæм.

***Аргъау «Æнæзонд бирæгъ»***

*Кæронбæттæны аргъауы архайджытæ хорзæхгонд цæуынц кады гæххæттытæй æмæ лæвæрттæй.*

**Амонæг:** - Цы нын ныууагътой дард фыдæлтæ хорзæй:

Уæздандзинад, рæсугъд æгъдæутты хъарм.

Ирон адæм! Бæрзонд сæ сисæм ногæй,

Æмæ та ᾽рцæра Иры зæххыл Фарн!

- Мæн фидарæй уырны, нæ сабитæ дæлæмæ кæй не᾿руаддзысты нæ фыдæлты рæсугъд æгъдау æмæ сæ мах кæдфæнды дæр нæ сæртæ бæрзонд кæй хæссдзыстæм! Байхъусæм та æмдзæвгæмæ. Кæсынц æй Элина æмæ Аспар.

Калы нæ бæстæ цæхæртæ,
Тавынц йæ ирд тынтæ мах.
Судзы Ирыстоны зæрдæ –
Зæххыл æнусон цырагъ.

Бирæ фæндтæ ис нæ размæ,
Нæй нын, нæй, иу ран лæууæн.
Фидæнмæ хистæрты фарсмæ
Мах дæр ныфсджынæй цæуæм.

Хъуысынц нæ зарджытæ дардыл,
Махæн æнæуынон хæст.
Хистæрты хъуыдытæ царды
Скæндзыстæм иууыл æххæст.

**Амонæг:** Цæй диссаг дæ, мæ Ирыстон,
Куыд адджын у дæ уынд.
Цæй зынаргъ дæ мæ зæрдæйæн,
Куыд дын æй зæгъон, куыд?..
Куыд дын уарзын, дæ хуры скаст,
Сæууон æртæхты худт.
Дæ алы хох, дæ алы дзыхъ,
Мæ цин æмæ мæ уд.
Сабырдзинад дæ зæххыл уæд,
Дидин æфтау фæрнæй.
Мæ Ирыстон, зæххы цъарыл,
Дæуæй зынаргъдæр нæй!

- Нæй зынаргъдæр уарзон райгуырæн зæххæй. Уый тыххæй у нæ сабиты зарæг дæр.

***Зарæг «Мæ уарзон Ирыстон»***

**Амонæг: -** Нæ зынаргъ сабитæ! Сымах стут нæ фидæн, нæ зæрдæдарæн æмæ нæ цардаразæг!

- Мæ бауадзут фесафын нæ фыдæлты æгæрон хæзнатæ: Ирон Æвзаг, Ирон Æгъдау æмæ Фарн! Дзурут иронау. Ма рох кæнут нæ рæсугъд æвзаг, уарзут æй æмæ йын аргъ кæнут.

- Фидар хæцут нæ адæмы фыдæлтыккон уидæгтыл, бафсадут сæ уæ лæгдзинад, уæ цыргъзонд æмæ уæ хæрзæгъдауæй, уæ ныфс, уæ хъаруйæ, нæ ирон адæммæ уæ æгæрон уарзондзинадæй!

- Æмæ уын уæ фæрнджын фæндагыл Дуне Сфæлдисæг Иунæг Кадджын Стыр Хуыцау æххуысгæнæг уæд!

- Нæ абоны фембæлд та цæмæй уæ зæрдыл бадарат, уый тыххæй уын æз лæвар кæнын мæнæ ацы риуылдаргæ нысантæ. Сæ иутыл ис нæ уарзон поэт хетæгкаты Къостайы портрет. Иннæтыл та – ирон æвзаг иннæ æвзæгтæй кæмæй хицæн кæны æмæ тагъд рæстæджы хæстæгдæр кæимæ базонгæ уыдзыстут, уыцы дамгъæ – «Æ». Уæ хорзæхæй, дарут сæ уæ риутыл æмæ уæ зæрдыл дарут нæ абоны фембæлд, уæ рæвдауæндон æмæ уæ хомылгæнджыты.

*Сывæллæтты риутыл бакæнын нысантæ.*

**Амонæг:** - Нæ бæрæгбон кæронмæ æрхæццæ. Стыр бузныг уе' ппæтæн дæр. Нæ иннæ фембæлдмæ!